

Telefòn 305-631-8111 pou nou pran plis enfòmasyon
<http://www.bayopliskonesansrenmenyoplis.org>

Pwoteje pitit ou kont bagay ki kab trangle l

Susan Uhlhorn, Ph.D., Julia Belkowitz, M.D., Steve Dearwater, M.S. ak Judy Schaechter, M.D.

An 2005, gen plis pase 16 000 timoun ki poko gen 15 an ki al nan sal dijans lopital poutèt yo trangle. Lè tib respirasyon yon moun bouche, sa redui oksijèn ki prale nan sèvo a, se yon bagay ki ka lakòz lezyon serebral pèmanan (maladi nan sèvo ki pap janm trete) oswa lanmò. Pou chak ka lanmò kon sa, gen 100 ka kote yo mennen timoun nan sal dijans lopital akòz yo vale yon bagay ki trangle yo. Timoun piti riske pou yo trangle paske yo mete tout bagay nan bouch yo, tib respirasyon yo pi piti lontan pase pa granmoun epi paske li pi difisil pou ti poumon yo ki twò piti fè yo touse pou yo touse voye yon bagay jete. Paran ak moun k ap pran swen timoun dwe byen konnen ki danje ki genyen pou timoun piti trangle epi yo dwe pran prekosyon ak manje epi ak bagay ki nan kay la oswa ki nan sant gadri a.

Manje se bagay ki plis lakòz timoun trangle. Anpil manje tankou pòm ak kawòt, nou ka kuit yo pou yo vin pi mou. Enpe manje ki won, nou kapab koupe yo an ti moso piti. Pa egzanp, nou dwe koupe rezen fre omwen an 4 ti moso epi nou dwe tranche òtdòg de fwa an longè anvan nou koupe yo an wondèl. Akademi Amerikèn pou Pedyat rekòmande paran pou yo pa kite manje ki di, ki glise oswa ki gonmen kote timoun ki poko gen 4 an ka jwenn yo. Men enpe manje ki danje anpil:

- Òtdòg.
- Nwa ak lòt grenn.
- Rezen fre antye.
- Pòpkòn.
- Bout vyann ak bout fwomaj.
- Sirèt ak chiklèt ki di, gonmen oswa lakòl.
- Yon bon valè manba.
- Legim ki pa kuit.
- Rezen sèch.

Jwèt ak atik nòmal nan kay, se bagay ki konn lakòz timoun trangle anpil tou. Ti bagay piti, sitou sa yo ki kapab antre anndan yon woulo papye ijèn, yo danje anpil. Akademi Amerikèn pou Pedyat konseye paran pou yo pa kite atik



sa yo kote tibebe ak timoun piti kab pran yo pou redui risk pou yo trangle:

- Blad an lateks (sèvi ak blad ki fèt an papye glase pito).
- Pyès lajan.
- Mab ak ti boul.
- Jwèt ki fèt ak ti pyès piti.
- Ti jwèt timoun kapab peze pou fè yo antre nèt nan bouch yo.
- Bouchon plim ak makè.
- Ti pil ki gwosè bouton (egzanp: pil mont ak pil pou aparèy tande).
- Sereng medikaman.


Paran ak moun k ap pran swen timoun dwe desann atè nan nivo timoun piti pou yo tcheke kote timoun yo pral rale oswa jwe atè pou yo chèche bagay ki danje. Tcheke anba mèb ak nan mitan kousen mèb. Pote anpil atansyon ak kote pi gran timoun sere jwèt yo genyen ki ka gen ti pyès piti. Pran yon kou premye swen ak reyanimasyon kadyo pilmonè pou n kab aprann rekonèt siy lè moun ap trangle, ak ki jan pou nou reyaji lè moun ap trangle ak lè moun nan lòt ka ijan.

Si w bezwen plis enfòmasyon, tcheke resous sa yo:

- Òganizasyon "Injury Free Mobile": 305-243-3928
- Lakwa wouj nan Miyami: Nimewo gratis pou kou yo (1-866-797-7990) oubyen ale sou <http://www.miamired-cross.org>
- Sit wèb Biwo Ameriken pou kontwòl manje ak medikaman www.fda.gov/fdac/features/2005/505_choking.html

MIAMI-DADE COUNTY Public Library System
www.mdpls.org

Ale nan bibliyotèk katye w la pou tcheke liv, aktivite ki genyen ak refleksyon ki pou ankouraje pitit ou nan lekti ak ekriti.
 Pou kab jwenn bibliyotèk ki tou pre w, rele nan nimewo 305-375-2665 oswa ale nan sit wèb sa a: www.mdpls.org



Wòl paran yo anvè timoun kin an laj pou ale lek

Sa enpòtan pou je pitit ou an sante pou l ka reyisi lekòl ak nan lavi li.



Moun ki ekri atik sa a se Michael R. Malone ki nan òganizasyon "The Children's Trust" la.

Èske pitit ou ap plenyen di je l ap grate l? Èske l di l gen tètfe mal? Èske l di li wè twoub? Li dwe bezwen fè yon egzamen zye. Lekòl ouvè, sa vle di elèv yo pral li nan klas, yo pral ekri nan klas epi y ap gen devwa pou yo fè. Pou pitit ou kab reyisi lekòl, pou l kab antann li ak lòt timoun nan lekòl la epi pou l kab kwè nan tèt li, fò l kapab wè byen.

Mwa septanm se mwa yo selebre sante je timoun. Òganizasyon pou evite moun avèg "Prevent Blindness America", se òganizasyon k ap fè plis travay nan tout peyi a sou kesyon sante je moun, dapre done yo genyen, yo fè konnen sou chak kat timoun ki nan laj pou yo ale lekòl epi sou chak 2 timoun ki nan klas pre-eskolè, gen youn ladan yo ki gen pwoblèm je. Anpil pwoblèm timoun genyen ki anpeche yo wè kòmanse depi anvan yo fèk fèt oubyen depi nan piti. Si yo pa gen tan detekte pwoblèm sa yo epi fè tretman pou yo, pwoblèm nan kab vin pi grav epi sa ka fè timoun nan gen pwoblèm je pou tout rès vi li.

Òganizasyon Fon pou timoun ki pote non angle "The Heiken Children's Vision Fund" ap travay depi nan mwa jiyè atravè Òganizasyon "Miami Lighthouse for the Blind" epi se Òganizasyon "The Children's Trust" ki finanse travay yo. Òganizasyon "The Heiken Children's Vision Fund" nan vle asire tout timoun nan Miyamided gen kote yo kab jwenn swen pou je yo depi yo ta gen bezwen pou sa. Òganizasyon "Vision Fund" nan travay ansanm ak Sistèm lekòl leta yo pou yo kab pran ka timoun ki kab byen gen asirans maladi men ki pa gen kote pou yo ale pou yo jwenn swen pou je yo swa pou yon rezon oswa pou yon lòt. Se sa Direktris òganizasyon an, Carol Brady-Simmons deklare.

"Vision Care" gen yon klinik mobil ki swa nan yon ti otodis swa nan yon venn ki gen ekipman pòtatif ki ale nan tout lekòl yo pou al fè egzamen zye pou tout elèv. Lè yo fè egzamen an yo tcheke dilatasyon, glokòm, binokilarite, akite, ak katarak nan je yo. Lè rezilta egzamen yo pa bon --- ane pase yo jwenn 13 000 --- pwogram fè yo preskri timoun yo linèt gratis. Si yo bezwen plis tretman, "Vision Fund" travay ak yon patnè nan kominote a pou asire timoun yo jwenn swen yo bezwen an.

Mindy McClellan, se yon manadjè adjwen nan "Vision Fund" nan, li prepare yon lis pou paran ak pwofesè tcheke je timoun: gade si y ap tenyen je yo, fwote je yo, si yo toujou gen dlo nan je yo, si yo gen tètfe mal, si y ap rale bagay pre yo, si je yo ap vire lanvè oswa si je yo ap "sote".



Dapre yon vizit yo fè nan prizon pou jèn moun nan Miyamided Konnti yo dekouvi pwoblèm je timoun gen rapò ak pwoblèm move konpòtman yo. Cori Pappas se yon manadjè adjwen tou nan "Heiken", men sa li di "Gen 90 pou san timoun oswa plis pase sa - gen kèk ki avèg menm dapre lalwa- ki pa janm fè egzamen je".

Òganizasyon "HealthConnect In Our Schools" "The Children's Trust" la ak Òganizasyon "Florida Optometric Association" ak Òganizasyon "Vision Fund" ap fè anpil efò pou ranseye tout moun sou afè swen je timoun epi pou jwenn ak tout valè timoun ki deja gen asirans pou je yo atravè Mediked ak Medikè pa kab jwenn kote pou yo al pran swen je yo pou tout kalite rezon.



Fon pou ede timoun ak je yo "Vision Fun" prepare pou yo fè egzamen je 5,000 elèv ki kalifye dapre règleman pa yo, nan ane k ap vini an. Règleman sa yo se pou elèv ki manje gratis nan lekòl oubyen ki ap peye yon ti kòb pou yo manje, elèv ki pa gen asirans pou je yo ak elèv ki pa gen mediked ak Kidkè. Pwogram sa pral dèyè elèv ki nan lekòl Tit I yo, ki fè konnen se la timoun ki pa travay byen lekòl ak sa ki pa fè gwo pwen nan egzamen FCAT nan vil la, dapre Direktris Brady-Simmons. Manmzèl di tou, "Sa nou vle akonpli se pou tout timoun jwenn swen pou je yo. Poutèt nou gen 'Heike' pa gen okenn rezon pou timoun ki nan Miyamided pa fè yon bon egzamen zye."

Òganizasyon pou evite moun vin avèg Ozetazini "Preventing Blindness America" rekòmande pou tout timoun, menm sa ki pa sanble y ap gen pwoblèm ak je yo, pou y al fè egzamen je regilyèman. Nenpòt timoun ki gen pwoblèm je oubyen ki gen sentòm ki montre yo gen pwoblèm je dwe al fè yon egzamen konplè lakay yon optometris oubyen kay yon oftalmòlog.

Èske w fè lide al kay yon doktè zye? Òganizasyon "Preventing Blindness America" bay konsèy sa yo:

1. Mande yon fanmi, yon zanmi yon vwazen pou l rekòmande w bay yon doktè je ki travay byen ak timoun.
2. Pran yon randevou pou yon lè pandan lajounen an kote pitit ou pap ni grangou ni anvi dòmi.
3. Prepare yon lis kesyon pou doktè a epi ale avèk lis la. Lè w ap pale ak doktè a, make sa l ap di, kon sa w ap kab rafrech memwa w pi ta.
4. Al ak yon liv istwa timoun nan renmen li, oswa yon liv desen oubyen yon ti jwèt pou timoun nan jwen pandan l ap tann doktè a. Si w gen yon ti goute pou li tou sa kab ede l pase tan an.
5. Kite pitit ou al gade yon fanmi k ap fè egzamen zye. Fè doktè a esplike sa k ap fèt la, etap pa etap, epi ankouraje timoun nan pou l poze doktè a kesyon.
6. Ale ak yon jwèt timoun nan renmen kenbe. Doktè a kab fè konsiltasyon pou ti nounous la oubyen poupe a epi si timoun nan kenbe yon jwèt sa kab anpeche l met men l sou aparèy chè doktè a.
7. Poze san w, timoun suiv sa granmoun fè: si w sanble yon moun k ap panike, pitit ou kab panike tou. Lè n al ka doktè je nou tout dwe pase yon bon moman.

Si w bezwen plis ransèyman, tcheke sit wèb sa a: www.preventblindness.org/vlc/child_eye_exam.htm.

Telephone 305-571-5700 pou ou pran plis enfòmasyon:
www.thechildrenstrust.org



Sendwòm tibebe yo souke

Pamela Blake, NEED Program



Lè moun gen yon tibebe, se bagay ki fatigan anpil; pafwa sa ba w tèt chaje. Anpil fwa ou fè nuit blanch. Se lè moun si ou pase tout tan w ap bay tibebe a manje, chanje kouchèt li, chanje rad li. Gen tibebe ki kontinye kriye menm apre yo fin manje, apre ou fin chanje kouchèt yo. Gen tibebe ki fè plizyè èdtan ap kriye chak jou. Anpil manman santi yo pou kont yo nèt.

Lè w tèt ou chaje kon sa, mete tibebe a la yon kote ki an sekirite, tankou nan yon bèso oswa nan yon pak epi al pase yon ti tan pou kont ou. Telefone yon zanmi, konte rive sou 10 oswa sou 20 oubyen anbrase yon zòrye. Si w santi ou tèt ou chaje anpil, ou santi ou pè pou w pa fè tibebe w la mal oswa pou w pa souke li; oubyen tou ou santi ou sèlman bezwen yon moun pou w mande konsèy, **telefone 211 se liy telefòn "The Children's Trust"** pou bay moun konsèy ak enfòmasyon. Toujou gen yon moun la 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou w pale ak yo.

Lè moun souke yon tibebe, sa konn lakòz gwo domaj epi yo rele sa "Sendwòm tibebe yo souke". Misk ki nan kou yon tibebe toujou fèb; tèt tibebe a toujou gwo epi li toujou lou lè w konpare l ak kò tibebe a epi tisi sèvo a ak venn yo frajil toujou.

Men enpe nan konsekans dirèk lè yon moun souke yon tibebe: tibebe a fache fasil, li mal pou l rete je klè, li gen pwoblèm respire, li gen latranblad, vomisman, kriz, li kab al nan koma epi li ka mouri. Tibebe a pa oblije gen tout sentòm yo pou l an danje epi pou l bezwen èd tousuit. Sa enpòtan pou w al dèyè tretman tousuit.



Si w santi pitit ou gen nenpòt nan sentòm sa yo, kouri al nan sal dijans lopital oswa rele 911.

Yon bon bout tan apre, Sendwòm tibebe yo souke ka lakòz pwoblèm tankou pwoblèm langaj, pwoblèm konpòtman, kriz, pwoblèm tande, avèg, paralizi, paralizi nan sèvo, retade mantal ak lanmò.

Si w gen enkyetid paske pitit ou pa vle sispann kriye oubyen li sanble li pap konpòte l jan li konn konpòte l, rele pedyat ou oswa al chèche swen doktè tousuit.



Patisipe Nan ti Journal sa a...

Voye: foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sitiasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation 3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak United Way Success by 6 (305-860-3000) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvizè pwogram entèvanasyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami-Dade County (305-646-7220).

Edite ti journal sa a se: Ana de Aguiar Echevarria (305-646-7230)

ba yo plis komensans



renmen yo plis

3250 SW Third Ave.
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665